

Fè yon tès kolon !



Èske w konnen ?

Walter : Nancy, klinik doktè a rele pou nou pa bliye randevou a semèn pwochèn. Ki randevou sa ye?

Nancy : Nou te pale sou sa deja ! Piske nou toulede fèk gen 50 tan, fòk nou fè tès pou wè si nou pa gen kansè nan kolon.

Walter : Mwen p ap ba w manti, mwen te espere ou te bliye bagay sa a.

Nancy : Non, mwen pa t bliye sa. Gen plizyè semèn depi mwen fè randevou a. Kifè, pa fè okenn plan pou madi pwochen.

Walter : Èske w sèten fòk nou fè tès sa a? Ki enpòtans ki gen nan sa ?

Nancy : Bagay enpòtan an se kansè nan kolon ! Pa di m ou bliye sa fanmi Jean pase lè Jean te malad ? Mwen pa konn sa m pral fè si mwen pèdi w.

Walter : An nou pa pale sou bagay sa a.

Nancy : Ki vle di, ou dakò. N ap fè tès kansè nan kolon an, nou toulede. Konsa, si yo dekouvri yon ti mas, yo ka wete li epi anpeche devlope yon kansè !

Walter : OK. Men mwen pa renmen jan yo fè tès la.

Nancy : Li pa twò mal. Epi li ka sove lavi w.

- Gen plizyè kalite tès kansè nan kolon. Pale ak doktè a pou wè ki tès k ap bon pou ou.
- Yon kolonoskopi ka dekouvri epi wete mas (ki rele polip) anvan yo devlope yon kansè.
- Si ou gen san ki koule nan dèye w oubyen si ou gen san nan pou pou w, fòk ou al kay doktè.

Pou enfòmasyon
sou kansè nan kolon,
rele :

1.800.227.2345



Get help anytime.

1.800.227.2345 / www.cancer.org